**Муниципальное казённое общеобразовательное учреждение**
**«Средняя общеобразовательная школа №1 с. п. Псыгансу»**
**Урванского муниципального района КБР**

| Рассмотрено на заседании ШМО учителей филологичекого цикла<br>Протокол № 1 от «29» аавгуста 2024 г.<br>Руководитель ШМО<br>_________М.Х.Хараева | Согласовано с методическим советом.<br>Протокол № 1 от «29» августа 2024<br><br>_Руководитель методсовета<br>_________ М.Б. Безирова | Утверждено приказом директора от 29 августа 2024г.<br>№ 44 -ОД |
|---|---|---|

# *РАБОЧАЯ ПРОГРАММА*

**Родной язык родная литература**

(образовательная область)

**Кабардино-черкесский язык (родной)**

(наименование учебного предмета, курса)

**Основное общее образование**

(уровень образования)

**2024-2025 учебный год**

(срок реализации программы)

**2024г.**

## Зыубзыху тхыгъэ

Адыгэбзэмк1э 5-9 классхэм зэрыщцылажьэ программэр зэхэгъэуващ «5-11-нэ классхэм папщ1э адыгэбзэмрэ литературэмк1э программэхэр» тхылъымк1э, Налшык «Эльбрус» 2010. Программэр я 1эдакъэщ1эк1щ Ержыб А. Къу., Джаурджий Хь. З.

5-9 классхэм адыгэбзэмк1э зэрылажьэ программэр зэхэлъхьа хъуащ щ1эныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ 1уэхущ1ап1э Псыгуэнсу езанэ курыт еджап1эм еджап1эм и зэрылажьэ программэхэр зэхэлъхьа хъунымк1э положенэр и тегъэщ1ап1эу

## Учебнэ планым предметым щиубыд щ1ып1э

Щ1эныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ 1уэхущ1ап1э Псыгуэнсу езанэ курыт еджап1эм еджап1эм и учебнэ планымк1э 2021-2022 гъэ еджэгъуэм «Адыгэбзэм» 5-9 классхэм хухех:
**5-нэм** сыхьэт 70, тхьэмахуэм сыхьэти 2
**6-нэм** сыхьэт 70, тхьэмахуэм сыхьэти 2
**7-нэм** сыхьэт 70, тхьэмахуэм сыхьэти 2
**8-нэм** сыхьэт 70, тхьэмахуэм сыхьэти 2
**9-нэм** сыхьэт 35, тхьэмахуэм сыхьэту 1

**Учебно-методическэ комплектыр**

1. **5-нэ класс** «Адыгэбзэ» Джаурджий Хь.З. Налшык, «Эльбрус» 2019
2. **6-нэ класс** Урыс Хь.Ш., Налшык ,« Эльбрус», 2019гъэ.
3. **7-нэ класс**Урыс Хь.Щ., 1эмырокъуэ И.1. Налшык, «Эльбрус» 2019гъ.
4. **8-нэ класс** УрысХь. Щ., Тамбий Б. А.Налшык, «Эльбрус» 2018 гъ.
5. **9-нэ класс** Джаурджий Хь.З. Налшык, «Эльбрус», 2011гъ.
6. Джаурджий Хь.З. Дзасэжь Хь. Е. Адыгэбзэр зэраджын методикэ.
7. Джаурджий Хь.З. Адыгэбзэ ( япэ, ет1уанэ 1ыхьэхэр). Налшык, 2007
8. Джаурджий Хь.З. Нагъыщэ гъэувык1эм зэрыхурагъаджэ методикэ. Налшык, 2007
9. Дзасэжь Хь. Е. Грамматическэ зэпкъырыхыныгъэхэр адыгэбзэ урокхэм. Черкесск, 1961
10. Джаурджий Хь.З. , Ержыб А.Къу. Y-XI классхэм папщ1э программэхэр. Налшык,2004
11. Урыс Хь.Щ., Зэхъуэхъу Л.Хь. Адыгэбзэ пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувык1эмрэ я хабзэхэр.Налшык, 2005
12. Урусов Х.Ш. Морфемика адыгских языков. Налчик,1980
13. Урыс Хь.Ш. Адыгэбзэм и тхыдэ. Налшык, 2000
14. Шагиров А.к. Фонетика и морфология кабардинского языка.
15. Балэ Л. Изложенэхэмрэ сочиненэхэмрэ. 5-11 класс. Налшык,2008
16. Тау Ж ,Ку. Унэтл1окъуэ С. Диктантхэмрэ изложенэхэмрэ. Налшык,

    Интернет сайтхэр.
17. Егъэджак1уэми еджак1уэми къагъэсэбэпыну псалъалъэхэр:
18. Адыгэбзэ псалъалъэ, Москва,1999
19. Урыс Хь.Щ., Зэхъуэхъу Л.Хь. Адыгэбзэ орфографическэ псалъалъэ.Налшык,1982
20. Апажев М.Л., Коков Дж.Н. Адыгэ-урыс псалъалъэ,Налшык, 2008
21. Бэрбэч Б.Ч, Бищ1о Б.Ч., 1ут1ыж Б.Къу. Адыгэбзэ фразеологизмэхэм я псалъалъэ, Налшык,2001
22. Дзыгъуанэ Р.Хь, Шэру Н.Гъу. Адыгэбзэм и синонимхэм я псалъалъэ. Налшык,1997
23. Хьэкъун Б. Адыгэ къэк1ыгъэц1эхэр. Налшык,1992

**Нэхъыщхьэу ягъуэтын хуей щIэныгъэхэмрэ есэныгъэхэмрэ**
Е д ж а к I у э х э м я щ I э н х у е й щ :
*синтаксисымрэ пунктуацэмкIэ:*
псалъэ зэпхар, абы щыщу нэхъыщхьэмрэ кIэрыдзэнымрэ;

къэIуэтэныгъэм и мурад елъытакIэ къызэрыкIуэ псалъэуха лIэужьыгъуэхэр;
пунктограммэхэр;
псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэмрэ етIуанэхэмрэ; псалъэуха мыубгъуа, убгъуахэр;
пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъу зыхэт псалъэухахэр;
союз зиIэ псалъэуха зэхэлъхэр;
псалъэ занщIэмрэ псалъэ зэдзэкIамрэ;
*фонетикэмрэ графикэмрэкIэ, орфографиемкIэ:*
бзэм и макъхэмрэ ахэр къызэрыгъэлъэгъуа хьэрфхэмрэ;
макъзешэхэмрэ макъ дэкIуашэхэмрэ я щытыкIэ нэхъыщхьэхэр;
зэбгъэдэт макъ дэкIуашэ жьгъыжьгъхэмрэ дэгухэмрэ я къэкIуэкIэр;
макъзешэ э къигъэлъагъуэу хьэрф а щатхыр;
*лексикэмкIэ:*
мыхьэнэ куэд зиIэ псалъэхэр, псалъэм и мыхьэнэр зэдзэкIауэ къызэрагъэсэбэпыр;
омонимхэр, синонимхэр, антонимхэр;
*псалъэ къэхъукIэмрэ орфографиемкIэ:*
псалъэм зэрызихъуэж, псалъэщIэ къызэрыхъу щIыкIэхэр;
псалъэр зэрызэхэт Iыхьэхэр: лъабжьэ, псалъэпкъ, кIэух, префикс, суффикс;
префикс зы-, зэ- щатхыр;
*морфологиемрэ орфографиемкIэ:*
зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр;
щыIэцIэм и мыхьэнэмрэ и морфологическэ щытыкIэхэмрэ;
щыIэцIэ унейхэмрэ зэдайхэмрэ;
щыIэцIэхэм я склоненэр;
щыIэцIэ къызэрыхъу щIыкIэр;
щыIэцIэхэм я тхыкIэр;
плъыфэцIэм и мыхьэнэмрэ и морфологическэ щытыкIэхэмрэ;
плъыфэцIэр щыIэцIэхэм я гъусэу къыщыкIуэкIэ зэхъуэкIа зэрыхъу щIыкIэр (падеж кIэухымрэ куэд бжыгъэ къэзыгъэлъагъуэ суффиксымрэ зэрыпыувэр);
щытыкIэ къызэрыкI плъыфэцIэхэмрэ зыщыщыр къэзыгъэлъагъуэхэмрэ;
плъыфэцIэ къызэрыхъу щIыкIэр;
плъыфэцIэхэм я тхыкIэр;
Еджак1уэхэм яхузэф1эк1ын хуейхэщ:
*Синтаксисымрэ пунктуацэмк1э:*
яджа псадъэуха л1эужьыгъуэхэм хуэдэ къызэрык1уэуи зэхэлъуи зэхэлъхэн, ахэр тхыгъэм щызэхэгъэк1ын;
псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэмрэ ет1уанэхэмрэ тхыгъэм щызэхэгъэк1ын;
псалъэуха къызэрык1уэхэм я к1эм, зэхэлъхэр зэрызэхэт 1ыхьэхэмя я кум нагъыщэхэр тэмэму щыгъэувын;
псалъэ зэлъэпкъэгъухэр нагъыщэк1и къэпсэлъык1эк1и зэк1элъыхьын;
псалъэ занщ1эм нагъыщэхэр щыгъэувын;
синтаксическэ зэпкърыхыныгъэ щ1ын;
*фонетикэмрэ графикэмк1э, орфографиемк1э:*
тхыгъэм бзэм и макъхэр къызэрыщыгъэлъэгъуар зэхэгъэк1ын (зы макъ, макъит1 къэзыгъэлъагъуэ хьэрфхэр);
макъзешэ э къапсэлъу хьэрф а щатхыр орфографиемк1э зэгъэщ1эн;
зэзыпх ы-р тхын, ар зыхэтым къеджэн;
псалъэ фонетическэ зэпкърыхыныгъэ щ1ын;
псалъалъэхэр (орфографиемк1э псалъалъэхэри ) къэгъэсэбэпын;
*лексикэмк1э:*
зыхуей псалъэхэм къа1уатэ мыхьэнэр гъэбелджылын (толковать щ1ын );
зыубзыху псалъалъэр къэгъэсэбэпын;
къа1уатэ мыхьэнэ елъытауэ (омонимхэр, синонимхэр, антонимхэр) псалъэхэр зэхэгъэк1ын;

*псалъэ къэхъук1эмрэ орфографиемк1э:*
псалъэр зэхъуэк1а щыхъумрэ псалъэщ1э къыщыхъумрэ зэхэгъэк1ын;
псалъэр зэрызэхэт мыхьэнэ зи1э 1ыхьэхэмк1э хузэпкърыхын ;
префиксхэмрэ суффиксхэмрэ зэм псалъэр зэхъуэк1а зэрыхъу 1ыхьэу къыщык1уэмрэ зэми псалъэщ1э къызэрыхъу щ1ык1эу къыщык1уэмрэ зэхэгъэк1ын;
префикс зы-, зэ- щатхыр;
*морфологиемрэ орфографиемрэк1э:*
щы1эц1эмрэ ар зыгъэбелджылы псалъэмрэ падежрэ бжыгъэк1э щызэк1ур тхыгъэм щызэхэгъэк1ын;
склоненэ щ1ык1ит1ыр тыншу къэгъэсэбэпын;
определительнэ щы1эц1э зэпыту тхахэмрэ (унэбжэ) псалъэпкъ зэхыхьэу къэхъуа щы1эц1э зэхэлъхэмрэ (псынащхьэ) зэхэмыгъэгъуэщэн;
щы1эц1э синонимхэр я бзэр къыщагъэсэбэпын;
плъыфэц1эхэм я зэгъэпщэныгъэ степенхэр къэгъэлъэгъуэн;
плъыфэц1э- синонимхэр бзэм къыщыхьын;
предметым и щытык1э зэхуэмыдэхэр плъыфэц1э зэмыл1эужьыгъуэхэмк1э къэгъэлъэгъуэн;
зэпэщ1эуэ мыхьэнэ зи1э плъыфэц1эхэр псалъэухам хэту къэхьын;
зы зэманым ит глаголыр нэгъуэщ1 зэманым игъэувэн;
зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэм (щы1эц1эмрэ плъыфэц1эмрэ) суффикс, префикс зэмыл1эужьыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ зы псалъэм и мыхьэнэм зрагъэхъуэжын (псалъэщ1э къытегъэк1ын );
определительнэ псалъэ зэпыщ1ахэм я тхык1эр щыуагъэншэу къэгъэсэбэпын (зэпыту, екъуа дэту щатхыр);
зи тхык1э тэмэмыр къыупщытэ мыхъу псалъэхэр тэмэму тхын (етхуанэ классым я тхылъым къыщыхьа псалъэхэр);
*бзэм зегъэужьынымк1э:*
тхыгъэм и темэр. Абы гупсысэ нэхъыщхьэу хэлъыр езым зэхилъхьа план къызэрыгуэк1к1э къэ1уэтэн;
хьэпшып, псэущхьэ тетхыхьын;
тхыгъэ гуэрым къыщы1уатэр убгъуауи к1эщ1уи къыжы1эжын;
хьэпшып, псэущхьэ щхьэхуэхэм тетхыхьыным теухуауэ кърата темэмк1э сочиненэ тхын;
гъащ1эм къыщыхъуа, сурэтым тещ1ыхьа рассказ к1эщ1 зэхэлъхьэн;
зыгуэрым тетхыхьу тхыгъэ зэхэлъхьэн;
щытхэк1и щыпсалъэк1и лексическэ синонимхэр къэгъэсэбэпын.
*Бзэм зегъэужьынымк1э:*
щ1ып1эм, архитектурэм, тхыдэм ехьэл1а фэеплъхэм тетхыхьыным и 1уэхугъуэхэр къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэхэр убгъуауи, хэчыхьауи къэ1уэтэжын;
сочиненэ-описанэ тхын (ц1ыху гупым характеристикэ етын, ц1ыхуит1ым е нэхъыбэм зэгъэпщэныгъэ характеристикэ етын, щ1ып1эм, тхыдэм и фэеплъым теухуауэ);
езыхэм я гуращэхэмрэ гурыщ1эхэмрэ къыщагъэлъагъуэ сочиненэ тхыфын, хьэл-щэн къэгъэлъэгъуэным теухуауэ;
сочиненэм елэжьыфын, абы и темэр, гупсысэ нэхъыщхьэр, стилыр егъэф1эк1уэным теухуауэ;
орфографием, пунктуацэм, грамматикэм ехьэл1а щыуагъэхэр гъэзэк1уэжын;
бзэм теухуа к1элъыплъыныгъэхэр егъэк1уэк1ын, ахэр творческэ проекту гъэхьэзырыжыфын.
Еджак1уэхэм ягъуэта щ1эныгъэр къызэрапщытэ щ1ык1эхэр:
- жьэры1уатэу блэк1а темэхэр къапщытэк1эрэ,
- щхьэзакъуэ лэжьыгъэ ягъэзащ1эк1эрэ,
- тест лэжьыгъэхэр ягъэзащ1эк1эрэ, нэгъуэщ1хэри
Къызэрапщытэ формэхэр:
-диктант грамматическэ лэжьыгъэ щ1ыгъуу, предупредительнэ, творческэ,
выборочнэ, словарнэ, свободнэ);
-сочиненэ (сурэтк1э, иллюстрацэк1э, къыщ1эдзап1э (к1эух зи1э);

-изложенэ (къыщ1эдзап1э (к1эух зи1э);
-тест;
Адыгэбзэ урокым пыщ1энызгъэ зыхуи1э предметхэр.
Адыгэбзэр къыгуэхып1э имы1эу епхащ урысыбзэм, инджылыбзэм, адыгэ тхыдэм, гъуазджэм, биологием, географием. Адыгэбзэ предметыр щаджк1э псалъэухам и зэхэлъык1эм елъытауэ еджак1уэхэм 1эмал ягъуэт бзэ зэхуэмыдэхэр зэрагъэщ1энымк1э. Псалъэухам и пкъыгъуэхэр зэрызэхуэмыдэхэм, къызэрыщык1уэ ягъэзащ1э къалэнхэм к1элъыплъыну 1эмал я1э мэхъу.

**Егъэджыныр зэрызэхэлъыр**

**5 класс**

**Бзэм теухуа гурыIуэныгъэхэр**

**Хэзыгъэгъуазэ** (сыхь. 2)
ЦIыхубэ гъащIэм бзэм мыхьэнэуэ щиIэр. Бзэр зызыужь, зызыхъуэж Iуэхугъуэу зэрыщыт.
Бзэмрэ речымрэ. Жьабзэмрэ тхыгъэбзэмрэ. ЛитературэбзэмкIэ гурыIуэныгъэ етын.

**ПэщIэдзэ классхэм щаджам къытегъэзэжын** (сыхь 4).
Псалъэр зэрызэхэт Iыхьэхэр. Макъзешэ **э** къикIыу хьэрфзешэ **а** щатхымр
Определительнэ псалъэ зэпыщIахэм я тхыкIэр.

**Синтаксисымрэ пунктуацэмрэ** (сыхь. 14)
1. Псалъэ зэпхахэр: псалъэ зэпхахэм щыщу нэхъыщхьэмрэ кIэрыдзэнымрэ.
Псалъэуха. КъызэрыкIуэ псалъэуха.
КъэIуэтэныгъэм и мурад елъытакIэ къызэрыкIуэ псалъэухахэр зэрыгуэшар: зэраIуатэ, зэрыупщIэ, хуэзыгъэуш. ХэIэтыкIа нагъыщэхэр (къапщытэжыну).
Псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр.
Псалъэухам и пкъыгъуэ етIуанэхэр: дополненэ, определенэ, обстоятельствэ. Псалъэуха мыубгъуа, убгъуахэм я къэкIуэкIэр (псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьитIыр хэту). Пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъу зыхэт псалъэухахэр; пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъухэм я кум запятой зэрагъэувыр (союзкIэ щызэмыпхам деж). Пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъухэм я пэм къызэщIэзыубыдэ псалъэ къыщыкIуэр. КъызэщIэзыубыдэ псалъэм и ужькIэ точкитI зэрагъэувыр.
Зэрызыхуагъазэ псалъэхэр. Зэрызыхуагъазэ псалъэхэм зэрызэхагъэкI нагъыщэхэр зэрагъэувыр.
Союз зиIэ псалъэуха зэхэлъхэр (псалъэуха къызэрыкIуитIым язми псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьитIри хэту). Псалъэуха зэхэлъыр зэрызэхэт Iыхьэхэм я кум запятой зэрагъэув, союз **икIи, ауэ, арщхьэкIэ, дэни, хэти, сыти, дапщэщи, сыту жыпIэмэ, дэнэ,** нэгъуэщIхэми я пэкIэ.
Псалъэ занщIэр: псалъэ занщIэр авторым и псалъэм и ужь итуи и пэ итуи къыщыкIуэр, псалъэ занщIэм щагъэув нагъыщэхэр.
ДиалогымкIэ гурыIуэныгъэ, диалогым тире щагъэувыр.
2. ЗэраIуатэ, зэрыупщIэ, хуэзыгъэуш псалъэухахэм я къэпсэлъыкIэкIэ тэмэму къеджэн.

**Фонетикэмрэ графикэмрэ. Орфоэпиер. Орфографиер** (сыхь.9)
1. Бзэм и макъхэр; макъзешэхэмрэ макъ дэкIуашэхэмрэ. Псалъэм и кIуэцIкIэ ударенэм и къэкIуэкIэр. Макъ дэкIуашэ жьгъыжьгъхэмрэ дэгухэмрэ. Зэбгъэдэт макъ дэкIуашэхэм (жьгъыжьгъхэмрэ дэгухэмрэ) я къэкIуэкIэр, я тхыкIэр. Макъ дэкIуашэ пIытIахэр, Iупэр хъурей хъууэ къапсэлъ макъ дэкIуашэхэр.
Тхыгъэм бзэм и макъхэр къызэрыщагъэлъагъуэр; алфавитыр.
Зы макъ, макъитI къэзыгъэлъагъуэ хьэрфхэр (**а, я, е,** нэгъуэщIхэри), макъ къэзымыгъэлъагъуэ хьэрфхэр (**ь, ъ**). Хьэрф **ы**-р макъзэпэщIэхыу къыщыкIуэр.
Фонетическэ зэпкърыхыныгъэ егъэкIуэкIын
2.Орфографическэ псалъалъэр къагъэсэбэпыфын.

**Лексикэ** (сыхь. 7)
1. Псалъэм и мыхьэнэр. Мыхьэнэ куэд зиIэ, зы мыхьэнэ фIэкIа зимыIэ псалъэхэр. Зи мыхьэнэр зэхьэкIауэ къагъэсэбэп псалъэхэр. Омонимхэр. Синонимхэр. Антонимхэр. А гурыIуэныгъэхэм теухуауэ урысыбзэмкIэ яджахэм пыщIэн.
2. ЕджакIуэхэр зыщыгъуазэ зи щхьэ хущыт псалъэхэм къаIуатэ мыхьэнэр ягъэбелджылыфын (яубзыхуфын). Зыубзыху псалъалъэр къагъэсэбэпыфын.

**Псалъэ къэхъукIэмрэ орфографиемрэ** (сыхь.12)
1. Псалъэм зэрызихъуэжымрэ псалъэщIэ къызэрыхъумрэ. КIэух, зэхъуэкIа зэрыхъу префикс, зэхъуэкIа зэрыхъу суффиксхэмрэ псалъэпкъымрэ (зи щхьэ хущыт псалъэхэм тещIыхьауэ). Лъабжьэр, псалъэ къызэрыхъу префикс, суффиксхэр псалъэпкъым щыщ мыхьэнэ зиIэ Iыхьэу зэрыщытыр.
Макъ **э** къикIыу хьэрф **а** щатхыр. Псалъэпкъым щыщ префиксхэм хьэрфзешэ **ы** щатхымрэ **э** щатхымрэ *(дыхьэ - дэхьэ, щIыхьэ - щIэхьэ,* нэгъуэщIхэри). Префикс **зы**-, **зэ**-щатхыр.
2. Псалъэр зэрызэхэт Iыхьэхэм хузэпкърыхыфын.

**Морфологиемрэ орфографиемрэ**

**Бзэм и къабзагъыр**
**Зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр** (сыхь 1)
Морфологием теухуа гурыIуэныгъэ. Псалъэмрэ абы и формэхэмрэ. Псалъэм и грамматическэ мыхьэнэр.

**ЩыIэцIэ** (сыхь.10)
1. ЩыIэцIэр псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщыт: и мыхьэнэр, морфологическэ щытыкIэхэр, игъэзащIэ синтаксическэ къалэнхэр. ЩыIэцIэр зэрызыхуагъазэ псалъэу къызэрыкIуэ. ЩыIэцIэ унейрэ зэдайрэ.
Географическэ фIэщыгъэцIэхэр къэзыгъэлъагъуэ щыIэцIэхэр, площадхэм, историческэ къэхъукъащIэхэм, революционнэ махуэшхуэхэм я фIэщыгъэцIэхэр хьэрфышхуэкIэ къегъэжьауэ зэратхыр; ахэр тхыгъэм щыхэтым кавычкэм щыдагъэувэр.
Закъуэ бжыгъэу фIэкIа къэмыкIуэ щыIэцIэхэр. Куэд бжыгъэу фIэкIа къэмыкIуэ щыIэцIэхэр.
ЩыIэцIэхэр падежкIэ зэхъуэкIа зэрыхъу. Падежхэм я мыхьэнэр. ЩыIэцIэхэм я склоненэ щIыкIитIыр (белджылы, мыбелджылы). ЩыIэцIэ унейхэр падежкIэ зэхъуэкIа зэрыхъу щIыкIэр.
Падеж псомкIи зэхъуэкIа мыхъу щыIэцIэхэр. ЩыIэцIэр щыIэцIэм и определенэу къыщыкIуэм деж я тхыкIэр. Урысыбзэм щыщ псалъэу адыгэбзэм къищтэ щыIэцIэхэм я тхыкIэр.
ЩыIэцIэхэр къызэрыхъу щIыкIэр.
2. ЩыIэцIэр зыгъэбелджылы псалъэ дэщIыгъуу къыщыкIуэм деж, падежкIэ зэхъуэкIа зэрыхъу щIыкIэр тхыбзэм щагъэбелджылыфын. ЩыIэцIэхэм я склоненэ щIыкIитIыр я бзэм къыщагъэсэбэпыфын *(тхылъ седжащ, тхылъым седжащ).*
ЩыIэцIэр щыIэцIэм и определенэу къыщыкIуэкIэ зэпыту ятх щыIэцIэхэр псалъэ зэхэлъхэм хэмыгъэгъуэщэн *(унэбжэ, джэдкъаз).*
ЩыIэцIэ-синонимхэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн. Суффикс зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ зы псалъэм и мыхьэнэм зрагъэхъуэжыфын.

**ПлъыфэцIэ** (сыхь. 9)
1. ПлъыфэцIэр псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщыт: и мыхьэнэмрэ и морфологическэ щытыкIэмрэ, игъэзащIэ синтаксическэ къалэнхэр.
ПлъыфэцIэхэр щыIэцIэхэм я гъусэу къыщыкIуэр, падеж кIэухыр зэрыпыувэр. ЩытыкIэ къызэрыкI плъыфэцIэрэ зыщыщыр къэзыгъэлъагъуэ плъыфэцIэрэ. ПлъыфэцIэхэм я зэгъэпщэныгъэ степенхэр. Егъэлеиныгъэ степень.

ПлъыфэцIэр щыIэцIэм и определенэу къыщыкIуэм и деж и тхыкIэр. Урысыбзэм щыщу адыгэбзэм къыхыхьа плъыфэцIэхэм я тхыкIэр.
ПлъыфэцIэр къызэрыхъу щIыкIэр.
ПлъыфэцIэ псалъэ зэхэлъхэр, абыхэм я тхыкIэр.
2. ПлъыфэцIэхэм я зэгъэпщэныгъэ степенхэр къэгъэлъэгъуэфын. ПлъыфэцIэ синонимхэр бзэм къыщахьыфын. Мыхьэнэ зэмылIэужьыгъуэ псалъэм хэзылъхьэ суффиксхэр къагъэсэбэпыфын. Мыхьэнэ зэдзэкIа яIэу плъыфэцIэхэр бзэм къыщагъэсэбэпыфын.
ПлъыфэцIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ предметым иIэ щытыкIэ зэхуэмыдэхэр къагъэлъэгъуэфын.
Къагъэлъагъуэ щытыкIэхэр зэпэщIэуэу къызэрыкI плъыфэцIэхэр псалъэ-ухам къыщахьыфын *(псыгъуэ - гъум, псынщIэ - хьэлъэ).*

**Гъэ псом яджам къытегъэзэжын (сыхь. 1)**

**6 класс**

**Яджам къытегъэзэжын** (10+4)
Бзэм и стилхэр. Синтаксис. Фонетикэ.Орфографие.

Псомизэхуэдэукъагъэсэбэп псалъэхэр. Профессиональнэ (1эщ1агъэм хэхауэ епха) псалъэхэр. Диалектым ехьэл1а псалъэхэр.Адыгэбзэм нэгъуэщ1ыбзэм щыщу къигъэсэбэп псалъэхэр. Жьы хъуа псалъэхэр. Псалъэщ1эхэр (неологизмхэр). Зэк1эщ1эпчмыхъу псалъэ зэпыщ1ахэмк1э гуры1уэгъуэетын.
Зыубзыху псалъалъэмк1э гъэбелджылыфын псалъэр нэгъуэщ1ыбзэм щыщу адыгэбзэм къыщагъэсэбэпми, и мыхьэнэк1э жьы хъуахэм хыхьэми, диалектым е 1эщ1агъэм хэхауэепхами.

**Псалъэ къэхъук1эмрэ орфографиемрэ** ( 5+2)
Адыгэбзэм и к1уэц1к1э псалъэр нэхъыщхьэу къызэрыхъу щ1ык1эхэр.Псалъэщ1э къыщыхъук1э, зы псалъэ лъэпкъыгъуэр нэгъуэщ1 псалъэ лъэпкъыгъуэм хуэк1уэмэ, абы и тхык1эр. Псалгъэ зэхэлъхэр, абыхэм я тхык1эр. Псалъэ зэхэлъгъэк1эщ1ахэр.
Псалъэ зэхэлъ гъэк1эщ1ахэмкъеджэфын.

**Бжыгъэц1э** ( 10+2)
Бжыгъэц1эр псалъэ льэпкъыгъуэу зэрыщыт: абы и мыхьэнэр, и морфологическэ щытык1эхэр, игъэзащ1э синтаксическэ къалэнхэр. Зэрабж, зэрызэк1элъык1уэ бжыгъэц1эхэр. Бжыгъэц1э къызэрык1уэхэр зэхэлъхэр, зэхэтхэр. Зэрабж бжыгъэц1эхэмрэ щы1эц1эхэмрэ щызэдэщ1ыгъум деж я тхык1эр. Зэрабж бжыгъэц1эхэм я склоненэр, ахэр щы1эц1эхэм зэрек1у. Зэрызэк1элъык1уэ бжыгъэц1эхэм я склоненэр, ахэр щы1эц1эхэм зэрек1у щ1ык1эр. Зэрагуэш бжыгъэц1эхэр, абыхэм я къэхъук1э. Къутахуэ бжыгъэц1эхэр,абыхэм якъэхъук1э.
Цифрэк1э тха бжыгъэхэм тэмэму къеджэфын. Бжыгъэ псом щыщ 1ыхьэхэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэхэм я къеджэк1эр щ1эн. И гъунэгъубжыгъэкъэзыгъэлъагъуэ бжыгъэц1эхэр щы1эц1эхэм я гъусэу бзэм тэмэму къыщыгъэсэбэпын (псалъэм папщ1э, *махуэзыщыпл1, жэм зыхыбл)*

**Ц1эпапщ1э(12+2)**
Ц1эпапщ1эр псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщыт: абы и мыхьэнэр, морфологическэ щытык1эхэр, игъэзащ1э синтаксическэ къалэн. Ц1эпапщ1эхэм я разрядхэр. Щхьэ ц1эпапщ1эхэр, абыхэм ясклоненэ. Зыгъэлъагъуэ ц1эпапщ1эхэр. Еигъэ ц1эпапщ1эхэм я склоненэ. Еигъэ ц1эпапщ1эхэр щы1эц1эхэм щадэщ1ыгъум и деж я тхык1эр. Зэрыупщ1эц1эпапщ1эхэр.
Относительнэ ц1эпапщ1эхэр, абыхэм я склоненэ, белджылыншагъэ ц1эпапщ1эхэр, абыхэм я склоненэ. Мыхъуныгъэ ц1эпапщ1эхэр, абыхэм я склоненэ.
Зэрыупщ1э, относительнэ ц1эпапщ1эхэртэмэмуя бзэмкъыщагъэсэбэпыфын. Япэ, ет1уанэ

щхьэхэм я щхьэ ц1эпапщ1эхэм я склоненэм, именительнэ, эргативнэ падежхэмщитым къыщхьэщык1ыныгъэухэлъыр къагуры1уэн. Щы1эц1эхэм, плъыфэц1эхэм, бжыгъэц1эхэм я п1эк1э ц1эпапщ1эхэр я бзэм тэмэмукъыщагъэсэбэпыфын. Псалъэуха етекстгуэрым я мыхьэнэм тещ1ыхьауэ ещанэщхьэм и щхьэ ц1эпапщ1эмрэ зыгъэлъагъуэ ц1эпапщ1эмрэ къагъэсэбэпыфын.

**Глагол** (17+2)

Глагол лъэ1эсрэ лъэмы1эсрэ. Ахэр зэрызэщхьэщык1 мыхьэнэ нэхъыщхьэхэр. Глагол зыгъэззэжхэр, абыхэм я щытык1э нэхъыщхьэхэр. Глаголым и наклоненэр, абыхэм къагъэлъагъуэр, я къэхъук1эр. Зы наклоненэ формэр нэгъуэщ1 наклоненэм и мыхьэнэ къик1ыу къыщагъэсэбэпыр. Глаголым и спряженэ. Глаголым и спряженэщ1ык1ит1ыр.

Щхьэ префиксхэмрэ глагол псалъэпкъым хыхьэ префиксхэмрэ я зэхэтык1эр. Глагол къызэрыхъу щ1ык1эхэр. Префиксыншэу къэмык1уэ глаголхэр.

Глагол гуэрхэм къалъэпкъэгъухэр къэгъуэтыфын, абы псалъэ къызэрыхъу префиксхэр щыпыувэм и мыхьэнэм зэрызихъуэжым гу лъытэн, зы глагол псалъэпкъым мыхьэнэ зэмыл1эужьыгъуэ иратыфу егъэсэн, префиксхэр пагъэувэк1эрэ, ар я бзэм тыншукъыщагъэсэбэпыфын.

Ещанэ щхьэм ит глаголыр щы1эц1эм бжыгъэк1э зэрек1у щ1ык1эр я бзэм тэмэму къыщагъэсэбэпыфын.

Зы щхьэ гуэрым ит глаголыр нэгъуэщ1 щхьэм хуэгъэк1уэн, абы къыхэк1ыу псалъэр жызы1эм, зыжра1эм ик1и зыхужа1эм глаголым хэлъ лэжьыгъэр зэрыхущытым зэрызихъуэжым гу лъатэн ик1и я бзэм къыщагъэсэбэпыфын.

Зы наклоненэ формэм тет глаголыр нэгъуэщ1 наклоненэм и мыхьэнэ и1эу къэхьын. Мыхьэнэ зэпэщ1эуэ зи1э глагол префикс зэмыл1эужьыгъуэ зи1эхэр къэхьын. Мыхъуныгъэ къэзыгъэлъагъуэ префикс **мы-** зыпыувэм и тхык1эр щ1эн.

**Тест лэжьыгъэ** (1с.)

**Къытегъэзэжыныгъэ** (с.3)

**Гъэ псом яджам къытегъэзэжын сыхь. 2**

## 7 класс

**Бзэм хэзыгъэгъуазэ (1)**
Адыгэбзэм къызэ1ухын хуей щэху хьэлэмэтыщэхэр, на1уэ къэмыхъуателъыджэ бжыгъэншэхэр зэри1эм щыгъуазэ щ1ын.

**Адыгэ тхыбзэр (2)**
Адыгэбзэ алфавитым и тхыдэм щыгъуазэ щ1ын. Иджырей алфавитым иф1агъымрэ щыщ1эныгъэмрэ щыгъэгъуэзэн.

**Яджам къытегъэзэжын (4+1)**
Фонетикэм, лексикэм, орфографием, псалъэ къэхъук1эм, морфологием, псалъэухахэм теухуауэ яджахэр къызэщ1экъуэжын, къызэрапщытэ лэжьыгъи егъэк1уэк1ын.

**Морфологие (36)**

**Причастие (14+3)**
1. Причастиер глагол формэ хэхауэ зэрыщыт: абы и мыхьэнэр, и морфологическэ щытык1эхэр, игъэзаш1э синтаксическэ къалэнхэр. Зылэжь причастиерэ зэлэжь причастиерэ. Обстоятельственнэ иричастиехэр. Зылэжь причастием и къэхъук1эр. Зэлэжь причастием и

къэхъук1эр. Обстоятельственнэ причастиехэм я къэхъук1эр. Причастие зыгъэзэжхэр. Причастиер зэманк1э зэхъуэк1а зэрыхъур. Причастнэ оборотыр.
2. Причастие-определенэр, щы1эц1эм дэщ1ыгъуу къыщык1уэм деж, падежк1э зэхъуэк1а зэрыхъур.
Причастие зылэжьымрэ зэлэжьымрэ я бзэм къыщагъэсэбэпын. Зы глагол лъабжьэм (лъэ1эсуи лъэмы1эсуи къыщык1уэм) причастие зэлэжьи зылэжьи (къыщезэгъым) къытегъэк1ын. Причастием ехьэл1ауэ зы творческэ лэжьыгъэ, зы къызэрапщытэ лэжьыгъэ, зы щхьэзакъуэ лэжьыгъэ егъэк1уэк1ын.

**Деепричастие (7+2)**

1. Деепричастиер глагол формэ хэхауэ зэрыщыт: абы и мыхьэнэр, и морфологическэ щытык1эхэр, игъэзащ1э синтаксическэ къалэнхэр. Деепричастиер къызэрыхъу щ1ык1эр. Деепричастием и спряженэ. Деепричастиер зэманк1э зэхъуэк1а зэрыхъум къыщхьэщызыгъэк1 1уэхугъуэу хэлъхэр. Деепричастие зыгъэзэжхэр. Деепричастнэ оборотыр.
2. Деепричастиер глаголым и суффикс -у, -уэ, -урэ-хэмк1э къытегъэк1ын. Деепричастием и спряженэм хэлъ щытык1эхэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфын. Деепричастием ехьэл1а къызэрапщытэ лэжьыгъэрэ (1) щхьэзакъуэ лэжьыгъэрэ (1) егъэк1уэк1ын.
Наречие (8+2)

1. Наречиер зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщыт: абы и мыхьэнэр, и морфологическэ щытык1эхэр, игъэзащ1э синтаксическэ къалэнхэр. Я мыхьэнэ елъытак1э наречиер зэрызэщхьэщык1 л1эужьыгъуэхэр.
Наречиехэм я къэхъук1эр. Наречиехэм я тхык1эр. Егъэпщэныгъэ, егъэлеиныгъэ къызэрык1 наречиехэр, абыхэм я тхык1эр.
Лэжьыгъэм и щытык1эр, ар зэпхауэ къэхъу обстоятельствэхэр; наречие-синонимхэмк1э, антонимхэмк1э къэгъэлъэгъуэфын. Зы лэжьыгъэм и1энк1э хъуну щытык1э зэмыл1эужьыгъуэхэмрэ абы къыхуэк1уэнк1э хъуну обстоятельствэхэмрэ наречие псалъэмк1э къэлъэгъуэн. Къызэрапщытэ лэжьыгъэрэ щхьэзакъуэ лэжьыгъэрэ щ1ыгъун.
Зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр (20)

**Послелог (4+1)**

1. Послелогыр зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщыт; абы и морфологическэ щытык1эхэр, игъэзащ1э синтаксическэ къалэнхэр. Послелогхэм щыщу бзэм нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэпхэр. Нэгъуэщ1 псалъэ лъэпкъыгъуэхэр послелог мыхьэнэ я1эу къэк1уэнк1э зэрыхъу. Послелогхэм я тхык1эр.
2. Послелог-синонимхэр къэгъэсэбэпын.
3.Творческэ лэжьыгъэ гъэзэщ1эн.

**Союз (5+1)**

1. Союзхзр зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщыт. Союзхэр я мыхьэнэ елъытауэ зэрызэщхьэщык1. Сочинительнэ, подчинительнэ союзхэр. Союз зэхэлъ, зэхэтхэр. Союзхэм я тхык1эр.
2. Союз-синонимхэр я бзэм къыщагъэсэбыфын.
3. Грамматическэ лэжьыгъэ зыщ1ыгъу диктант егъэк1уэк1ын.
Частицэ (4+1)

1. Частицэхэр зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщыт: абыхэм я мыхьэнэр, я морфологическэ щытык1эхэр, ягъэзащ1э синтаксическэ къалэнхэр. Частицэхэм я тхык1эхэр.
2. Частицэ къызыщык1уа псалъэухам гъэхуауэ къеджэн.
3. Творческэ лэжьыгъэ (изложенэ) егъэтхын.

**Междометие (3+1)**

1. Междометиер псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщыт: абы и морфологическэ щытык1эхэмрэ игъэзащ1э синтаксическэ къалэнхэмрэ.

Междометиехэм я1э мыхьэнэ зэмыл1эужьыгъуэхэр. Макъым зэрызыпащ1ыж междометиехэр. Междометиехэм я тхык1эр. Междометиехэм я ужьк1э ягъэув нагъыщэхэр; запятой, хэ1этык1а нагъыщэ.
2. Междометие зыхэт псалъэухахэм гъэхуауэ къеджэфын.
3. Къызэрапщытэ диктант.

**Гъэ псом яджам къытегъэзэжын (4)**

**8 класс**

**Къытегъэзэжыныгъэ 3+2**

**Фонетикэмрэ графикэмрэ. Орфоэпиер. Орфографиер**

Бзэм и макъхэр; макъзешэхэмрэ макъ дэк1уашэхэмрэ. Псалъэм и к1уэц1к1э ударенэм и къэк1узк1эр. Макъ дэк1уашэ жьгъыжьгъхэмрэ дэгухэмрэ. Зэбгъэдэт макъ дэк1уашэхэм
я къэк1уэк1эр, я тхык1эр. Макъ дэк1уашэ п1ыт1ахэр, 1упэр хъурей хъууэ къапсэлъ макъ дэк1уашэхэр.
Тхыгъэм бзэм и макъхэр къызэрыщагъэлъагъуэр; алфавит. Зы МАКЪ, макъит1 къэзыгъэлъагъуэ хьэрфхэр (а,я е нэгъуэщ1хэри къэзымыгъэлъагъуэ хьэрфхэр (ь, ъ). Хьэрф ы-р макъзэпэщ1эхыу къыщык1уэр.
Лексикэ
Псалъэм и мыхьэнэр. Мыхьэнэ куэд зи1э, зы мыхьэнэ ф1эк1 зимы1э псалъэхэр. Зи мыхьэнэр зэхьэк1ауэ къагъэсэбэп псалъэхэр; Омонимхэр. Синонимхэр. Антонимхэр.
2.Еджак1уэхэр зыщыгъуазэ зи щхьэ хущыт псалъэхэм къа1уатэ мыхьэнэр ягъэбелджылыфын (яубзыхуфын). Зыубзыху псалъалъэр къагъэсэбэпыфын.
Псалъэ къэхъук1эмрэ орфографиемрэ
1.Псалъэм зэрызихъуэжымрэ псалъэщ1э къызэрыхъумрэ. К1эух, зэхъуэк1а зэрыхъу префикс, зэхъуэк1а зэрыхъу суффиксхэм псалъэпкъымрэ (зи щхьэ хущыт псалъэхэм тещ1ыхьауэ). Лъабжьэр, псалъэ къызэрыхъу префикс, суффиксхэр псалъэпкъым щыщ мыхьэнэ зи1э 1ыхьэу зэрыщыт.
Макъ э къик1ыу хьэрф а щатхыр. Псалъэпкъым щыщ префиксхэм хьэрфзешэ ы щатхымрэ э щатхымрэ (Дыхьэ, дэхьэ, щ1ыхьэ щ1эхьэ, нэгъуэщ1хэри). Префикс зы-, зэ- щатхыр.
2.Псалъэр зэрызэхэт 1ыхьэхэмк1э яхузэпкърыхыфын.
Къызэрапщытэ диктант (2)
Синтаксисымрэ пунктуацэмрэ теухуа гуры1уэныгъэ.

**Псалъэ зэпха (6)**

1. Псалъэ зэпхар псалъэухам къызэрыщхьэщык1ыр. Псалъэ зэпхар псалъэухам хэт зы 1ыхьэу зэрыщыт. Псалъэ зэпха л1эужьыгъуэ нэхъыщхьэхэр. Псалъэ зэпхахэм яку дэлъ зэпыщ1эныгъэхэр; зэк1уныгъэ, зегъэк1уэныгъэ, егъэщ1ыл1эныгъэ. Подлежащэмрэ сказуемэмрэ яку дэлъ зэпхыныгъэ къыщхьэщызыгъэк1ыу хэлъыр.
2.Зэк1уныгъэрэ зегъэк1уэныгъэрэ зи яку дэлъ псалъэхэм я формэр тэмэму къэгъэсэбэпын. Синоним зэхуэхъу псалъэ зэпхахэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфын.
Псалъэухам теухуа гуры1уэныгьэ
1. Псалъэухар, абы и ухуэк1эр. Псалъэуха къызэрык1уэм и л1эужьыгъуэхэр. Псалъэхэм псалъэухам ща1э зэк1элъык1уэк1эр. Логическэ ударенэ.
2. Логическэ ударенэмрэ псалъэхэм псалъэухам ща1э зэк1элъык1уэк1эмрэ къэгъэсэбэпауэрэ псалъэухам нэхъыщхьэу хэт псалъэр къыхэгъэщхьэхук1ыфын.
**Псалъэуха къызэрык1уэ 6+2**
Пкъыгъуэ нэхъыщхьит1ри зи1э псалъэуха къызэрык1уэ

Подлежащэм и къэк1уэк1эр.
Псалъэ зэпхауэ къак1уэ подлежащэм глагол-сказуемэр зэрек1ур.
2. Сказуемэм и къэк1уэк1эр.
1. Сказуемэ къызэрык1уэ, сказуемэ зэхэт. Глагол-сказуемэ къызэрык1уэ, зэхэт. Ц1э-сказуемэ зэхэт.
2. Псалъэ зэпхауэ къак1уэ подлежащэм глагол-сказуемэр егъэк1уфын. Подлежащэмрэ сказуемэмрэ синоним яхуэхъу гуэгьухэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфын.
Щхьэзакъуэ лэжьыгъэ.
Къызэрапщытэ диктант (2)

**Псалъэухам и пкъыгъуэ ет1уанэхэр 10+2**

Дополненэ. Дополненэ л1эужьыгъуэхэр.
Определенэ. Зи определенэм ек1у, емык1у определенэ.
Приложенэр определенэ л1эужьыгъуэу зэрыщыт. Приложенэм щагъэув нэгъыщэхэр.
Обстоятельствэ л1эужьыгъуэхэр. Щ1ып1э, щхьэусыгъуэ, мурад, лэжьыгъэм и къэхъук1э, мардэ обстоятельствэхэр. Зэгъэпщэныгъэ оборот. Абы щагъэув нагъыщэхэр.
2.Зи определенэм ек1у, емык1у определенэхэр я бзэм къыщагъэсэбэпын.
Къызэрапщытэ диктант (2)

**Зы пкъыгъуэ нэхъыщхьэ зи1э псалъэуха къызэрык1уэхэр (сыхь. 6+2)**

1.Зы пкъыгъуэ нэхъыщхьэ зи1э псалъэуха л1эужьыгъуит1ыр:
а) зи пкъыгъуэ нэхъыщхьэр сказуемэ псалъэухахэр (щхьэ белджылы зи1э, щхьэ мыбелджылы зи1э, щхьэ зимы1э);
б) зи пкъыгъуэ нэхъыщхьэр подлежащэ псалъэухахэр (ц1эи1уэ псалъэуха).
2.Пкъыгъуэ нэхъыщхьит1ри зи1э псалъэухахэмрэ зы пкъыгъуэ нэхъыщхьэ зи1э псалъэухахэмрэ бзэм къыщыгъэсэбэпынымк1э есэныгъэхэр егъэгъуэтын. Ц1эи1уэ псалъэухахэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн.
Изложенэ.(2)

**Пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъу зи1э псалъэухахэр 7+2**

1.Союзхэмк1и къэпсэлъык1эк1и зэпха пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъухэр. Къэпсэлъык1эк1э ф1эк1а зэмыпха пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъухэр.
Псалъэухахэм я пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъухэр къызэрыхагъэк1 нагъыщэхэм я гъэувык1э. Псалъэухам и пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъухэм къадэщ1ыгъу къызэщ1эзыубыдэ псалъэхэр. Къызэщ1эзыубыдэ псалъэ зыхэт псалъэухам и к1уэц1к1э нагъыщэхэм я гъэувык1э. Подлежащэ зэлъэпкъэгъухэм сказуемэр щхьэрэ бжыгъэк1э щек1у, щемык1у.
